

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan *Istilah Flora jeung Fauna dina Sisindiran Sunda (Ulikan Léksikosemantik jeung Etnolinguistik sarta Larapna pikeun Bahan Ajar Sisindiran di SMP)* bisa dicindekeun saperti ieu di handap

Istilah flora jeung fauna anu aya dina sisindiran Sunda jumlahna 448 siki, nu ngawengku istilah flora 257 siki jeung 191 siki nu kaasup istilah fauna. Dina istilah flora, paré mindeng pisan muncul digunakeun dina sisindiran Sunda nyaéta aya 15 kalina atawa 32,89%, disusul ku istilah eurih, kaliki, jeung kanyéré, aya 7 kalina atawa 1,5%, istilah kihiang, jarami, daun jati, jeung kina mucunghul 6 kali atawa 1,31%, sampeu jeung jahé, aya 5 kali atawa 1,09%, dituturkeun ku istilah-istilah séjénna. Sedengkeun dina istilah fauna bogo, hayam, munding, jeung japati pangmindengna mucunghul dina sisindiran Sunda nyaéta aya 7 kalina atawa 2,14%, disusul ku istilah kuda jeung belut aya 5 kalina ataawa 1,5%, istilah anak badak, bangbara, jeung hayam rénggé aya 4 kalina disebut atawa 1,22%, jeung dituturkeun ku istilah-istilah séjénna.

Posisi anu bisa dicicingan ku istilah flora jeung fauna nyaéta posisi dina padalisan kahiji, padalisan kadua jeung wangsal. Posisi istilah flora jeung fauna leuwih réa nyicingan posisi dina padalisan kahiji nyaéta 269 siki (60,04%), anu nyicingan posisi dina padalisan kadua aya 113 siki (25,22%), jeung anu nyicingan posisi wangsal kabéhna aya 66 siki (14,73%).

Istilah flora jeung fauna mibanda aspék leksiko-semantis, nyaéta harti leksikal saperti anu kapanggih dina kamus boh nu umum boh nu digital.

Patalina istilah flora jeung fauna sarta hubunganna antara basa jeung budaya atawa aspék étnolinguistik nyoko kana aspék: (a) kadaharan, (b) tatanén, (c) “peternakan”, (d) ékonomi, (e) karesep/hobi, (f) kasehatan, (g) kapercayaan, jeung (h) kabiasaan. Aspék étnolinguistik istilah fauna anu patali jeung

kadaharan jumlahna aya 93, ingon-ingon aya 91, ékonomi 103, hobí atawa karesep aya 93, jeung anu nyehatkeun awak aya 83 siki.

Istilah flora jeung fauna bisa dijadikeun bahan ajar dina sisindiran Sunda di SMP. Kréativitas guru dina nangtukeun bahan ajar ku cara ngadopsi istilah flora jeung fauna bisa dipatalikeun kana istilah flora jeung fauna nu aya di sabudeureun lingkungan sakola, ku cara kitu, dipiharep siswa leuwih daria dina dialajarnya, hususna perkara sisindiran.

5.2 Saran

Panalungtikan ngeunaan istilah flora jeung fauna dina sisindiran kaitung héngker kénéh. Ku lantaran kitu, diperlukan panalungtikan-panalungtikan lianna anu leuwih gemet, leuwih nyosok jero tur leuwih mérélé. Panalungtikan ngeunaan istilah flora jeung fauna dina sisindiran Sunda anu diulik ngagunakeun tilikan léksikosemantik jeung étnolinguistik dipiharep bakal jadi panalungtikan anu mantak pikatajieu, loba mangpaatna tur ngeuyeuban tiori-tiori anu geus aya.

Hubunganana jeung pangajaran, dipiharep ieu panalungtikan bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran, kualitas bahan ajar tur kualitas kagiatan diajar ngajar, boh ti pihak guruna boh di pihak siswana. Utamana, istilah flora jeung fauna dina sisindiran Sunda bisa ngeuyeuban kabeungharan kecap siswa. Lantaran, muncul anggapan yén kahéngkéran pangajaran basa Sunda dibalukarkeun kurangna kabeungharan kecap nu dipibanda ku siswa dina komunikasi sapopoéna.